

15 avril 2020

Chè fanmi:

Nou vle di ou mèsi pou fleksibilite ou, pasyans ou, ak kolaborasyon w nan semèn ki sot pase yo pandan nou te lanse enplemantasyon aprantisaj adistans lan. Pandan n ap avanse nan pwochen faz aprantisaj adistans lan, prepare pou nou bay ansèyman ak sèvis adistans pou jis nan fen ane lekòl la, nou vle pataje kèk enfòmasyon trè enpòtan konsènan enstriksyon ak sèvis adistans.

Nou konprann ke pa ale lekòl nan bilding fizik lekòl yo se pa yon bagay ki fasil pou anpil elèv, men sa ka difisil espesyalman pou elèv nou yo ki gen andikap. Nou pran angajman pou kominike avèk ou sou bezwen pitit ou a pou nou kapab asire gen siksè ki fèt nan anviwònman aprantisaj adistans yo atravè tout rès ane lekòl sa a. Lè nou sonje ke paran ak anplwaye ka ap pran swen lòt moun ak / oswa ap lite kont maladi, fleksibilite enpòtan. Nou pran angajman pou sèvi tout elèv dapre bezwen endividyèl yo, epi n ap kenbe angajman sa yo.

### **Enfòmasyon enpòtan sou ansèyman ak sèvis adistans jiska fen ane lekòl la**

- Pral gen kominikasyon souvan ant lekòl ak fanmi pandan tan sa a. Kominikasyon an ap fèt nan lang natifnatal ou. Kounye a, lekòl ou a ta dwe deja antre an kolaborasyon avèk ou pou devlope yon "Plan aprantisaj edikasyon espesyal adistans" pou pitit ou ki baze sou Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) li a. Si sa poko rive, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a, oswa founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services), si sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la se sèl sèvis pitit ou a resevwa. Si sa pa mache, voye yon imèl nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov) oswa rele 311.
- Sonje pou elèv preskolè ki gen andikap, y ap devlope Plan aprantisaj adistans sèlman pou timoun ki nan klas espesyal, anviwònman entegre (SCIS), oswa nan yon klas espesyal nan pwogram DOE. Pou elèv preskolè ki resevwa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) oswa edikasyon espesyal avèk yon pwofesè vizitè sèlman, y ap bay sèvis yo adistans.
- Plan pou aprantisaj adistans:
  - Yo kapab ajiste yo avèk tan, dapre sa pwofesè, founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal, fanmi, ak elèv aprann nan eksperyans sa a, ak apre yo fin pale avèk ou. Objektif ki fè pou yo pale avèk ou a se pou diskite sou sa pitit ou bezwen pou l patisipe nan enstriksyon adistans lan (ki gen ladan nenpòt modifikasyon) ak kijan y ap bay sèvis yo.
  - Yo ta dwe fè / mete yo ajou avèk atansyon sou konbyen tan pitit ou ka pase devan ekran, si wi ou non ou vle sèvis ak ansèyman pitit ou a pou genyen yon eleman videyo pou kèk oswa tout sesyon li, epi si kantite fwa ak dire sesyon ou te dakò sou yo nan kòmansman an ap mache.
  - Ap asire ke pitit ou ap resevwa sèvis ak sipò li bezwen, pandan sa ap bay oumenm ak fanmi ou nenpòt fleksibilite ou ka bezwen pandan tan difisil sa a.
- Reyinyon IEP ap kontinye epi y ap fè yo nan telefòn. Yo ka fè evalyasyon yo adistans lè sa apwopriye. Paran yo ka fè yon rekòmandasyon si yo voye yon imèl ba direktè a oswa nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov), oswa si yo rele 311. Paran elèv preskolè kapab fè yon rekòmandasyon lè yo kontakte Komite pou edikasyon preskolè a CPSE (<https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/committees-on-special-education>).
- Si ou poko bay konsantman w pou sèvis *related services* adistans tankou langaj (speech), terapi pou readaptasyon (occupational therapy), ak terapi fizik, oswa ou poko aksepte yon òf pou bay pitit ou counseling epi ou ta renmen fè sa, tanpri kontakte founisè sèvis la. Si ou te deja refize sèvis yo, ou ka chanje lide ou nenpòt

ki lè; senpleman kontakte founisè sèvis pitit ou a pou ou mete sitiyaasyon ou ajou. Si w bezwen èd pou kontakte founisè k ap bay pitit ou a sèvis la, voye yon imèl nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov) oswa rele 311.

Si pitit ou a bezwen yon aparèy pou patisipe nan ansèyman adistans ak terapi adistans epi li poko resevwa youn, ou ka ranpli yon sondaj la a: [coronavirus.schools.nyc.gov/RemoteLearningDevices](https://coronavirus.schools.nyc.gov/RemoteLearningDevices) oswa rele 718-935-5100, epi peze 5. Si ou deja ranpli yon sondaj epi ou poko resevwa yon aparèy, oswa si pitit ou bezwen Aparèy teknoloji pou sipò dapre IEP li epi li poko resevwa li, tanpri voye yon imèl nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov).

Avèk lèt sa a, w ap jwenn yon kopi Seksyon Edikasyon espesyal pou Kesyon fanmi poze souvan pandan COVID-19 la, ansanm avèk yon lis resous nou te konpile pou ede oumenm ak pitit ou a. Ou ka jwenn kesyon ak resous sa yo la a: [schools.nyc.gov/learn-at-home/information-on-remote-learning](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/information-on-remote-learning) epi n ap kontinye mete sitwèb sa a ajou lè gen plis enfòmasyon ki disponib, tankou enfòmasyon sou IEP 12-mwa. Si w gen kesyon nenpòt lè, tanpri voye yon imèl nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov) oswa rele 311.

Nou pa fin ka di ou mèsì pou kolaborasyon ou pandan tan sa a ki ekstrèmman difisil.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Chanselye Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

## Kesyon fanmi elèv ki gen bezwen espesyal poze souvan

### Kisa Plan pou aprantisaj adistans pou Edikasyon espesyal la ye?

Lekòl ou a ta dwe deja an kontak avèk ou osijè yon plan aprantisaj adistans pou pitit ou a. Plan aprantisaj adistans lan souliye kòman yo pral bay sèvis yo pandan kriz san parèy sa a. Nan devlopman plan sa yo, IEP pitit ou a se pwen kote nou kòmanse epi opinyon ou enpòtan anpil. Objektif plan aprantisaj adistans lan se bay enstriksyon ak sèvis ki sipòte pwogrè pitit ou a pou ka satisfè objektif IEP li a, pandan nou konprann ke jan y ap bay sèvis yo souvan pa menm jan avèk fason yote konn bay yo nan orè lekòl regilye pitit ou a. Si ou poko resevwa plan sa a oswa pale sou li avèk lekòl ou a, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a ak / oswa founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) la. Anplis, si nan nenpòt ki pwen, ou santi ou kòm si plan aprantisaj adistans pitit ou a pap mache pou li, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a ak / oswa founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) la. Ou ka voye yon imèl tou nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov) si w bezwen èd pou kontakte lekòl pitit ou ye a.

### Èske yo kapab revize Plan aprantisaj adistans pou edikasyon espesyal pitit mwen an?

Wi, yo pral enpleman plan aprantisaj adistans pou Edikasyon espesyal la okonplè nan kòmansman semèn 20 avril la, epi y ap oryante sèvis yo dapre remak ou pataje pandan semèn kap vini an. Founisè yo pral rete an kontak avèk ou nan semèn kap vini yo pou suiv pwogrè pitit ou a. Nenpòt sèvis yo rate oswa ki vin gen lòt konplikasyon nan tranzisyon terapi adistans lan, yo pral konsidere yo pi vit posib lè yo vin retabli sèvis an-pèsòn lan.

### Kòman y ap anseye pitit mwen an?

Si yo rekòmande pitit ou a pou ko-ansèyman entegre (integrated co-teaching), klas espesyal, oswa sèvis sipò pwofesè edikasyon espesyal (Special education teacher support services, SETSS) lekòl ou a ap fè tout efò pou fè aranjman pou li kontinye resevwa enstriksyon nan men menm pwofesè edikasyon espesyal ak parapwofesyonèl salklas ki anseye li anjeneral la. Yon moun nan lekòl ou a ap kontakte ou pou pale sou fason y ap bay enstriksyon an.

### Èske pitit mwen an ap kontinye resevwa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal li a (related services)?

Y ap bay *related services* atravè teleterapi oswa konferans videyo kote sa apwopriye onivo klinik. Founisè ak lekòl yo pral kontakte fanmi yo pou pale sou plan sèvis pou chak elèv. Founisè yo pral bay fanmi yo tou enfòmasyon sou aktivite yo ka fè lakay pou ranfòse travay *related services* la.

### Nan ki fason yo ka bay sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) yo?

Nou ankouraje founisè terapi langaj, terapi pou readaptasyon ak terapi fizik nou yo pou bay sèvis, lè sa posib ak apwopriye, atravè yon koneksyon odyo-videyo. Kèk elèv ka bezwen pase mwens tan devan ekran oswa benefisye nan sèvis yo bay nan telefòn yo, epi kèk fanmi ka prefere apwòch sa yo. Men, si yo pa bay sèvis pitit ou a avèk yon eleman videyo, epi ou ta renmen sa, tanpri pale sou sa avèk founisè ki ba pitit ou a sèvis la. Yo ka bay counseling atravè yon koneksyon odyo-videyo oswa nan telefòn. Plan aprantisaj adistans pou Edikasyon espesyal la dwe reflekte fason yo te aksepte pou yo bay sèvis la.

### Èske y ap toujou fè reyinyon IEP pitit mwen an?

Wi. Y ap fè reyinyon IEP yo nan telefòn.

### Èske m ap kapab fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon oswa yon dezyèm evalyasyon?

Paran yo ka fè yon rekòmandasyon si yo voye yon imèl ba direktè a oswa nan [specialeducation@schools.nyc.gov](mailto:specialeducation@schools.nyc.gov), oswa si yo rele 311. Yo ka fè evalyasyon yo adistans.

## Èske pitit mwen an ap toujou gen aksè nan teknoloji sipò?

Lekòl yo pral travay avèk fanmi yo pou asire fanmi elèv yo rekòmande aparèy teknoloji sipò yo resevwa yo, epi yo pral kontakte fanmi yo pou fè aranjman sa yo.

## Ki kote mwen ka jwenn resous pou sipòte pitit mwen an pandan tan sa a?

Aprantisaj lakay

[schools.nyc.gov/learn-at-home](https://schools.nyc.gov/learn-at-home)

Enfòmasyon sou aprantisaj adistans

[schools.nyc.gov/learn-at-home/information-on-remote-learning](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/information-on-remote-learning)

Teknoloji asistans

[schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/assistive-technology](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/assistive-technology)

Terapi pou readaptasyon (occupational therapy)

[schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/occupational-therapy-supporting](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/occupational-therapy-supporting)

Terapi fizik

[schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/physical-therapy-supports](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/physical-therapy-supports)

Terapi pwononsyasyon-Langaj

[schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/speech-therapy-supports](https://schools.nyc.gov/learn-at-home/activities-for-students/diverse-learning-for-special-populations/speech-therapy-supports)

Get Ready To Learn Project

[thegetreadyproject.com/copy-of-ready-breaks](https://thegetreadyproject.com/copy-of-ready-breaks)

Resous pou chanje fason yo bay sèvis nan yon nouvo platfòm sou entènèt

[Kòman pou kòmanse nan Microsoft Teams](#)

[Kòman pou kòmanse nan Google Classroom](#)